




Kisa pou w fè si w ekspoze a COVID-19



Bagay pou w note



Kontinye mete yon mas oswa yon respiratè ki byen ajiste lè w bò kote lòt moun lakay ou ak an piblik jiska 10 èm jou a.



Kontinye siveye sentòm yo. Si sentòm yo devlope, fè tès la epi swiv rekòmandasyon izolman yo.



Si sa posib retade vwayaj yo jiska 10 jou konplè apre dènye kontak sere a.



Pran [anpil prekosyon](#) jiska 10 èm jou a si w gen pou w bò kot moun ki gen gwo risk pou yo tonbe malad grav.



Pa ale kote ou pa ka mete yon mas, tankou restoran jiska 10yèm jou a.



Yo pa rekòmande mas pou timoun ki poko gen 2 lane ak sa ki pi piti yo, oswa pou moun ki gen kèk andikap.



Aprann plis sou COVID-19 nan nj.gov/health/cd/topics/ncov.shtml